

Deklarasyon Enpak sou Ekite pou Pwopozisyon ak Prezantasyon Komite Lekòl

Tit: Mizajou Finansye pou Ane Fiskal 2021

Dat: 16 Desanm, 2020

Èske ZOUTI PLANIFIKASYON POU EKITE RASYAL BPS la te itilize? (Wi oubyen Non):

Ankou- Nou nan etap 3:
"Angajman Pati ki Enterese yo"

Seksyon sou zouti planifikasyon pou ekite rasyal BPS	Rezime/Jistifikasyon
<p>1. Pwopozisyon/prezantasyon ak enpak <i>Ki rezilta ak enpak ki swete pou pwopozisyon/prezantasyon an? Kiyès kap jere pwosesis sa, epi èske li reflekte divèsite elèv/fanmi BPS?</i></p>	<p>Prezantasyon an pral bay yon mizajou sou kijan nou fèmen ane fiskal 2020 an, estati bidjè aktyèl Ane Fiskal 2021 an, enpak ak enplikasyon nan COVID-19, ak yon diskisyon sou pwoblèm ak planifikasyon pou 2022.</p>
<p>2. Aliyman ak plan estratejik la <i>Kijan pwopozisyon/prezantasyon an aliyen ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Bidjè Ane Fiskal 2020 te elabore avan Plan Estratejik la. Sepandan, Bidjè Ane Fiskal 2021 an te aliyen ak Plan Estratejik la, epi nou te kontinye evalye depans nou prevwa an fonskyon COVID-19 la.</p>
<p>3. Analiz Done <i>Ki done ou te itilize pou analize pwoblèm/sijè a? Èske li te sibdivize pa ras? Ki sa li te montre konsènan inegalite nan popilasyon ki majinalize depi lontan yo?</i></p>	<p>Pwosesis elaborasyon Bidjè a enkli yon repatisyon depans pa elèv ki baze sou ras/gwoup etnik, revni fanmi, estati sa ki ap aprann Anglè, epi ke gen bezwen espesyal yo. Nan fen ane a nou te evalye depans Ane Fiskal 2020 pou idantifye enpak pa nivo lekòl yo la jan Endèks Opòtinite a mezire li.</p>
<p>4. "Angajman Pati ki Enterese yo" <i>Ki moun ki te angaje (kantite, demografik, ak wòl), kijan epi kisa li te bay? Kisa elèv/fanmi ki pi afekte akòz pwopozisyon/prezantasyon an te di?</i></p>	<p>Pou enpak depans Ane Fiskal 2020 an, nou te angaje ak lidè lekòl yo nan yon ankèt sou entènèt ak plizyè prezantasyon. Nou te idantifye "Pati ki Enterese" yo kòm etap aktyèl nou pou Planifikasyon Ane Fiskal 2022 an pandan nou ap prepare pou n kòmanse pwosesis long kap dire mwa a nan enplike pati entèn ak ekstèn ki enterese sou bidjè a.</p>
<p>5. Estrateji pou Ekite Rasyal <i>Kijan pwopozisyon/prezantasyon an redwi inegalite epi ogmante ekite, patikilyèman ekite rasyal? Ki konsekans ki pa prevwa yo? Ki estrateji konplèmantè ki pral pèmèt ekite a plis avanse?</i></p>	<p>Metodoloji BPS sou alokasyon Fon Ekilibre pou Elèv yo se estrateji kle nou pou asire yon distribisyon ekitab resous yo ki detèmine pa faktè kle ki gen rapò ak nivo bezwen elèv la.</p>
<p>6. Bidjè & Aplikasyon <i>Kisa enpak bidjè yo ye? Kijan aplikasyon yo pral asire objektif ekite yo atenn Èske gen dirijan ak pèsònèl ki se Nwa, Latino epi ki pote touch pa yo sou ekite rasyal?</i></p>	<p>Kòm prezantasyon sa a se yon mizajou sou bidjè a san okenn desizyon kle, nou pa antispe okenn enpak siyifikatif. Jiskaprezan, chanjman nan depans yo ki te koze pa fèmty distri yo te fèt nan entansyon pou sipòte opòtinite aprantisaj pandan ete.</p>
<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kijan enpak yo pral evalye, dokimante ak kominike bay pati ki eneterese yo? Ki moun ki pral responsab sa?</i></p>	<p>Nap kontinye enfòme Komite Lekòl la sou bidjè a chak mwa.</p>